# ӘДЕБИЯТ САБАҚЛАРЫНДА ЖАЗЫЎШЫНЫҢ ӨМИРБАЯНЫ ҲӘМ ДӨРЕТИЎШИЛИГИН ҮЙРЕНИЎ МӘСЕЛЕСИ

***Тобаназаров А. П.***
*Өзбекстан педагогикалық илим-изертлеў институти*
*Қарақалпақстан филиалының еркин излениўшиси*

**Tayanch so'zlar:** мактаб, қорақалпоқ адабиёти, адабиёт ўқитиш методикаси, ёзувчи, проза асарлари.

**Ключевые слова:** школа, каракалпакская литература, методика преподавания литературы, писатель, прозаические произведения.

**Key words:** school, Karakalpak literature, methods of teaching literature, writer, prose works.

Әдебиятты оқытыў методикасы тарийхына нәзер қаратқанымызда, улыўма орта билим бериў мектеплеринде ҳәр бир халықтың жазыўшыларының өмирбаяны ҳәм дөретиўшилигин оқытыў - ең әҳмийетли методикалық мәселелерден бири болғанлығы мәлим болады. Бул мәселе бойынша бирқатар методист илимпазлардан Е.Тимофеева, И.Горобец, Ф.Исҳоқов, К.Битибаева, Л.Б.Хван, С.Исматов, К.Жўраев, М.Пирназаров, З.Айжанова, Қ.Юсупов, И.Мәмбетов ҳәм басқалардың мийнетлери бар. Оларда жазыўшы-шайырлардың өмири ҳәм дөретиўшилигин үйрениў бойынша баҳалы илимий-методикалық пикирлер берилген. [1] Мәселен, Л.Б.Хванның «Мектепте жазыўшылардың өмирбаянын үйрениў» деген мийнетинде рус жазыўшысы А.С.Пушкинниң өмири ҳәм дөретиўшилиги мысалында сабақ барысында жазыўшылардың өмирбаянын үйрениўдиң методикалық усыллары туўралы, Ф.Исҳоқовтың «Мектепте Гүлханийдиң әдебий мийрасын үйрениў»деген мийнетинде болса шайыр дөретиўшилигиниң шеберлигин үйрениўдиң методикалық усыллары ҳаққында тоқталып өтиледи.Ал, З.Айжанованың «Әдебият сабағында айырым прозалық шығармаларды үйрениў» деген методикалық қолланбасында болса, мектеплерде базы бир жазыўшылардың өмирбаяны ҳәм дөретиўшилигин оқытыўдың әмелий тәрепи бойынша илимий-методикалық пикирлер бидирилген. Яғный, онда

мектеплерде сабақ барысында жазыўшы Т.Қайыпбергеновтың «Муғаллимге рахмет» ҳәм «Сектеретар» повести, Н.Дәўқараевтың «Интернатта» гүрриңи, Ө.Айжановтың «Арал қушағында» романы, А.Бегимовтың «Балықшының қызы» романы, М.Дәрибаевтиң «Мыңлардың бири» повести, Ж.Аймурзаев тың «Келин» гүрриңи, О.Абдирахмановтың «Қәтере» атлы гүрриңин үйрениў ҳәм қалай оқытыў кереклиги жөнинде методикалық усыныслар баян етиледи.

“Жазыўшының өмирбаянын үйрениў жоқарғы класс оқыўшыларының әдебий билиминиң компетенциясына жатпайды.Басланғыш орта билим мектепте оқып атырған оқыўшы «шығарманы өмирди бақлаўшы, оның ўақыяларының реңбе-реңлигин сәўлелендириўши, оқыўшыларда жақсы сезимлерди оятыўға, оларга әҳмийетли нәрселерди айтып бериўге ҳәрекет ететуғын жазыўшы тәрепинен жаратылғанлығын билиўи лазым »[2.145]

Дурысында да, жазыўшының өмир жолын үйрениў әдебиятшы алымлар, методистлер ҳәм әмелиятшы оқытыўшылардың бәрқулла үлкен қызығыўшылық оятып кыятырған машқалалардан бири. Бул өзине тән нызамлылық, «жазыўшының өмири ол жаратқан образлардың тәғдиринен кем емес, оннан да қызықлы ҳәм пайдалы».Илимпаз Е.Н.Колокольцевтың атап өткениндей, жазыўшының өмирбаяны оның өмири ҳәм искерлигиниң айрықшалылығы, бөлек фактлер жыйнағы емес. [3.3]

Ал,«Биография-бул жазыўшының руўхый эволюциясы ҳәм оның материаллық сәўлеси, өмирдиң түрли басқышларында дөретиўшилик интасы пайда болыўының жеке дәўири.»[4.54] Оқыўшылардың көркем шығарма дөретиўшисиниң өмирбаянына мүражат етиўи жазыўшы дүнnetworkарасының позициясын түсиниўге, шығарманы тереңрек анализлеўге жәрдем береди.

Жазыўшының өмирбаянын үйрениўге арналған сабақлардан гөзленген мақсет-дөретиўши образын жанландырыў, оның жеке тулғасына болған қызығыўшылықты оятыў, оның жаратқан шығармаларына итибар қаратыў. Бунда оқытыўшының ўазыйпасы жазыўшының өмирбаянына байланыслы сабақларда көркем текстти үйрениўге психологиялық-эстетикалық таярлық болыўын тәмийнлеўден ибарат. Сабақта өмирбаян менен таныстырыў менен қоса оның дөретиўшилигин биргеликте көзден өткериў керек, себеби жазыўшының өмирбаянын үйрениўдеги эстетикалық ўазыйпа сүўретши тәрепинен көркем шығармаларда өмир қандай сәўлелен генлигин көриўден ибарат.

Мектеплерде жазыўшының өмирбаянын үйрениў ҳәм изертлеўде ол өзи жаратқан көркем дөретиўшилик әлемин тереңнен түсиниў зәрүрли шәртлеринен бири. Оқыўшылар өмирдиң фактлери менен танысыў арқалы жа-

зыўшының жеке тулғасы ҳәм оның жасаған жәмийетлик-сиясий орталығы, дүньяға деген көзқарасы менен дөретиўшилик искерлигине болған мүнәсийбети жүзеге келеди.

Әдебий шығармалар-бул ўақыялардың факти, мәдений тарийхы, әдебият тарийхы ҳәм мәденияты ҳәм автордың өмирбаяны. Өмирбаян менен сөз дәўирине умтылдырыў тек шығарманы түсиндириў ушын ғана емес, ең дәслеп оны эстетикалық жақтан түсиниў ушын қажет.

Мектеплерде әдебият сабағында жазыўшының тулғасы, оның жумысы менен дәўири бир түйинге байланған, оның басланыўы менен соңы жазыўшының жеке тулғасына жақынласады.

Методистлер Н.И.Горобец ҳәм И.А.Новикованың изертлеўлеринде, жоқары класларда әдебиятқа арналған мектеп бағдарламалары өмирбаянлық материалларды жанрлық жақтан шөлкемлестириўдиң үш негизи түрин усынады:1.Жазыўшының өмири менен дөретиўшилиги туўралы қысқаша өмирбаянлық мағлыўмат;2.Өмир ҳәм дөретиўшилик жол; 3.Өмир ҳәм дөретиўшилик очерки.[5.9]

Бағдарламада бир шығарма яки оның бөлеклери сәўлелендирилген, жазыўшының қысқаша биографиялық мағлыўматлар бериледи. Бундай жағдайда жазыўшының дүньяқарасы ҳәм эстетикалық позициясы, оның тийкарғы шығармасын, жазыў ўақытын ҳәм дөретиўшилик тәғдирин қәлиплестириўге унамлы тәсир көрсететуғын шәртлер ҳәм орталық сыпатланады. Текст пенен үйренилип атырған шығарманың жаратыў менен байланыслы дөретиўшиниң өмир сүрген ўақты ҳаққында толығырақ мағлыўмат алыўға тоқталыў керек. Тема жазыўшының өмири менен шығармасының улыўма сыпатламасы, оларды баҳалаў менен жуўмақланады.

Усылайынша, жазыўшының өмири ҳәм дөретиўшилиги менен қысқаша танысыў-жуўмакланған гүрриңниң формасы.Оқылған шығарманы билим алыўшылар уллы адамның өмириниң факторы ретинде қабыллайды. Мектептеги өмирбаянды оқытыўдың ең көп тарқалған түри жазыўшының өмири ҳәм дөретиўшилиги туўралы очерк (эссе).

Украиналы алым В.Н.Дроботтың пикиринше, өмирбаянның бул түрин мынадай етип сыпатлаўға болады: «Тутас, толық анық белгиленген шегаралары бар гүрриң, онда мен өмир сүретуғын және жазыўшының өмириниң негизи фактлери сәўлеленеди, оның жеке басының жәмийетлик-жеке индивидуаллық тәрептен өзгешеленеди. »[6.5] Дүзилиси өмирбаянлық очерклер оқыўшыларды текстлик жақтан изертленетуғын ойнатыў миндетине бағынады. Монографиялық темаларды қурайтуғын бирнеше шығармалар менен танысыў мектеп оқыўшыларының нәзерин жазыўшы түлғасының эволю-

циясына аўдарыўға, оның көркемлик түсиндирмелери менен танысыўға, өмир менен дөретиўшиликтик жолдың негизги дәўирлерин мұқаятлап сыпатлаўға мүмкинлик береди. Методист В.А.Никольский айтқанындай, жазыўшының дөреиўшилик раўажланыў басқышлары таланттың жетилиў дәрежеси бойынша (шәкирт, дөретиўшилик жетилисиўине ерисиў, дөретиўшилик раўажланыў жыллары) ямаса дөретиўшиликтиң бағдары бойынша (идеялар, образлар, сюжетлер, стиль). Автордың әдебий индивидуаллығын анықлаў жумысын ҳәр тәреплеме үйрениў ушын оның өмири ҳәм дөретиўшилигин басқышпа-басқыш жарытыў мақсетке муўапық. Биртәрептен, оқыўшылар биографиялық мағлыўматлардың автордың дөретиўшилик раўажланыўын қандай сәўлелениўи ҳәм түсиндириўге исеним пайда етеди, басқа тәрептен талкыланып атырған жумыслар оның өмириниң ҳақыйқаты. [7.176]

Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасында жазыўшылардың өмирбаянын оқытыў пән муғаллимнен методикалық излениўшиликти талап етеди. Жоқарыда атап өтилгениндей, әдебиятты оқытыўда өмирбаянлық мағлыўматларды бериўдиң ҳәм түсиндириўдиң үш түри бар. Булар жазыўшылардың өмирбаянынан берилетуғын қысқаша өмирбаянлық анықлама, өмири туўралы гүрриң ҳәм қысқаша очерк. Соңғы жыллары мектеплерде қысқаша очерк аз қолланады. Буның себеби жазыўшылардың өмири ҳаққында очерклер аз жазылған. Қысқаша өмирбаянлық анықлама ҳәм өмири туўралы гүрриң мектеплерде жазыўшылардың өмирбаянын түсиндиргенде көбирек қолланылады. Айырым жағдайларда еки түри де аралас қолланылыўы сабақтан гөзленген нәтийжени бермеўи да мүмкин .

Мектеплерде оқыўшылардың өзлестирилиўи зәрүр әдебий материаллары тарийхый хронологиялық принципте үйренгенликтен, жумыстың бул түри кең қолланылады. Өмирбаяннан гөре жазыўшының дөретиўшилик жолы, шығармаларының идеялық-көркемлик сыпатын сөз етиў, тарийхый әдебий мәселелерди ашыў баслы орын тутады. Өмирбаянлық мағлыўмат бериў усы методикалық мәселелерге байланыслы болады. Солай етип, муғаллим жазыўшының өмирбаянының әтирапына фактлерди топлап очерк түринде баянлайды. Соның менен оқыўшылардың өз бетинше оқып түсиниўи мүмкин болған гейпара шығармалардың қысқаша талланыўы да итимал.

Жазыўшылардың өмирбаянына арналған сабақтың нәтийжели ҳәм сапалы өтилиўи, ең дәслеп муғаллимниң сабаққа таярлығына, материал топлап, жоба бойынша тыянақлы баянланыўына да байланыслы. Сонлықтан, оқытыўшы жазыўшылардың өмири ҳәм дөретпеси ҳаққында жазылған түрли түрли дереклерден, солардың ишинде жазыўшы ҳаққында жазылған

әдебиятшылардың мийнетлеринен сабаққа материал ретинде пайдаланыўы мақсетке муўапық.

Әдебият сабақларында «көркем шығарманы үйрениўде оның авторы ҳаққында мағлыўматлар да айырықша әҳмийетке ийе. Бул мағлыўматлар көбинесе, шығарманың идеялық-көркемлик мазмунын аңлаўда, шығарманың социаллық-эстетикалық маңызын дурыс белгилеўге жәрдем береди. Усы мағлыўматлар қайдан алынады? Оларды жазыўшылардың өзлери жазып қалдырған өмирбаянларынан, ол ҳаққында айтылған заманласлары, теңлеслери, устазлари яки шәкиртлери, таныслары, тамашагөйлери тәрепинен айтылған ямаса жазба тәризде жетип келген дереклерден алыныўы мүмкин. Бул жолда ең жақсы факторлардан және бир жазыўшылардың шығармаларында сақланып қалған материаллар болады...». [8.113]

Оқыўшылар сабақлықтағы өмирбаянлық мағлыўматлар менен ғана емес, ал қосымша әдебиятлар, заманласларының еске түсириўлери, күнделик жазыўлары менен танысады. Бундай жумыслар мемуарлық әдебиятларды оқыўға үйретеди, үйренилип атырған автордың тулғасы ҳәм дөретиўши лигине байланыслы оқыўшылардың пикирлерин тереңлестиреди ҳәм байытады. Өмирбаянлық жумысында үлкен орынды жазыўшы, оның заманлаcлары және оның дәўиринен де кең болған орталықтың сыпатламасы ийелеўи керек. Жазыўшының шахсиятының типологиялық жаратылыўы оның қайталанбас өзине тән өзгешелигин үйрениўдиң ең әҳмийетли ўазыйпасы менен бирлестирилиўи керек. Сондай-ақ жазыўшының өмирбаянында дәўирдиң өзи емес, ўақыялардың шежиреси ямаса сыртқы фактор емес, ал усы жазыўшының дүньяқарасындағы шынлық нызамлықларын сүўретлеўдиң жеке өзгешелиги, оның дәўирдиң процеслери менен қубылысларына деген жуўапларының өзинше айырықшалығы қамтыў керек.

Күнделик әмелиятта оқыў материалларын үйрениўде мектеп оқыўшыларының ақлый искерлигин жеделлестириў ушын критикалық ҳәм мемуарлық дереклерден пайдаланыў имканияты жетерли емес. Жазыўшының өмир жолын изертлеўде автордың жеке басының түп нусқасы түсиндирмелерин қолланыўдың педагогикалық мақсетке муўаплылыгы өмирбаянлық материалды, жас китапханды сол ямаса сүўретшиниң тәғдирине жеке қабыллаўды инталандырыўдан турады.

Жазыўшының өмири түўралы ең жақсы материал-күнделиклер, хатлар, өмирбаянлық китаплар менен өмирбаянлардың бетлери. Жоқары класларда жазыўшының өмирбаянын көрип шығыўға бағдарланған сабаққа таярлық көриўде жумыс формаларын таңлаў әҳмийетли. Оқыўшыларға репродуктивлик ҳәм изертлеў сыпатындағы ҳәр түрли ойландыратуғын тапсырма-

ларды бериўге болады, өмир тарийхы менен танысып, дәптерлерине айырықша әҳмийетке ийе анықламаны жазып, жазыўшыны жақсы түсиниўге көмеклесетуғын ең жарқын эпизодларды ямаса қызықлы сыпатламаларды бөлип көрсетиўге болады. Жазыўшының эмоционал-психологиялық портретин таярлаў, оның индивидуал өзиншелигин, өмирлик ҳәм жазыўшылық принциплерин ашатуғын фактлерди таңлаўға болады.

Ҳәзирги ўақытта изертлеўде мектеплерде жазыўшының өмирбаян оқытыўдың бир қатар метод ҳәм усыллары атап көрсетиледи. Мәселен, Е.В.Менших «Жазыўшы биографиясын үйрениўде метод ҳәм усыллары» [9.72-75] атлы мақаласында оқытыў процесинде бақлаў методы, автордан сора усылы, имправизацияланған жағдай усылы, контент-анализ методы, унамлы мысал усылы, эпизотты инцеровкалаў, биографиялық изертлеў сыяқлы методларды қолланыў мүмкинлиги ҳаққында пикир жүритеди. А.О.Радионова «Орта класларда жазыўшының өмирбаянын үйрениўде тарийхый, үлкетаныў материалларын пайдаланыў жоллары ҳәм усыллары» деген мақаласын мектеплерде жазыўшының өмирбаянын оқытыўда үлкетаныў материалларын қалай пайдаланыў кереклиги ҳәм әҳмийети туўралы тоқталып өткен. [10.51-56] Ал методист алым Л.Б.Хванның «Мектепте жазыўшылардың өмирбаянын үйрениў»атлы мийнетинде мектеплерде жазыўшының өмири ҳәм дөретиўшилигин оқытқанда сабақ процессинде ҳәм кластан тыс ўақытларда үш түрли кестелерди қолланыўды усыныс етеди. [11.6-8] Булар синтетикалық, синхронластырылған ҳәм тарихый-хронологиялық кестелер болып табылады.

Мектеплерде қарақалпақ әдебияты пәни бойынша окыў бағдарламасында жазыўшы Н.Дәўқараев, Ә.Шамуратов, А.Бекимбетов, М.Дарибаев, Г.Есемуратова, К.Султанов, Ө.Айжанов, К.Мамбетов, Т.Қайыпбергенов, М.Нызанов, С.Баҳадыровалардың өмирбаянын ҳәм дөретиўшилик жолын үйрениў нәзерде тутылған. Бунда әдебият сабақларында жазыўшылардың дөретиўшилигин оқытыў әдебиятшы муғаллимнен кәсиплик шеберлиги сыпатларының бири педагогикалық дөретиўшиликти талап етеди. Әдебият муғаллими илимий ҳақыйқатлар менен емес, бәлким көбирек көркем тоқымалар менен шуғылланатуғын қәниге. Демек, ол дөретиўши болыўы лазым. Көркем педагогикалық дөретиўшилик әдебият сабақларының эстетикалық бир пүтинлигин тәмийнлейди.Әдебият пәни муғаллими тиккелей өзи жаңалық жаратыўдың жолларын билмесе, онлап методикалық китап бийпайда. Себеби, ҳәр бир әдебият сабағы оқытыўшының дөретиўшилик үлгисидур. Ҳәр бир сабақ өзине тән жаратыўшаңлық, қайта тәкирарланбас искерлик.

Усы орында мынаны атап өтсек, әдебияттаныў илиминде eң қызықлы, бирақ жүдә аз сөз етилип, кем изертленген мәселелердиң бири жазыўшылардың дөретиўшилик шеберлиги болып есапланады. Ҳәрбир жазыўшының сырлы ҳәм жумбақлы екенлигине, ҳәрбир қәлем ийесиниң ишки дүньясы, дөретиўшилик процессиндеги психологиялық кеширмелериниң бир-бирине ҳеш бир уқсамаслығы оқыўшыларда қызығыўшылық пайда етеди. Усы себепли де белгили әдебиятшы З.Қабдолов, К.Мәмбетов, Қ.Камалов, Ә.Пахратдинов, К.Алламбергенов, Қ.Оразымбетов ҳ.т. басқалардың мийнетлеринде айтылған. Мәселен, әдебиятшы З.Қабдолов жазыўшылардың дөретиўшилик ўақтындағы ҳалатларына байланыслы көплеген қызықлы ҳәм сырлы фактлерди келтиреди.[12.12-17]

Тилекке қарсы, мектеплерде қарақалпақ әдебияты бағдарламасында берилген жазыўшылардың дөретиўшилик шеберлиги бойынша тереңирек үйретиў ушын илимге зәрүрли, дәлил ҳәм пикир пайда етиўге де белгили материаллар, яғный олардың еске түсириў ямаса күнделик дәптерлери, жазған мақалалары, бир-бирине жазған хатлары ҳәм тағы басқалар керек. Бул материаллар қарақалпақ әдебиятында жүдә аз. Ал өзбек, қазақ, орыс, ингилис ҳәм тағы басқа халық жазыўшыларының бул тараўда жүдә көп мийраслары бар. Деген менен әдебиятымыздағы бул қыйыншылық ҳәм жетискенликлерге қарамастан, XX әсирдиң екинши ярымынан кейин өнимли дөретиўшилик мийнет ислеп, бираз табыслы шығармалар дөреткен бирқатар жазыўшы ҳәм шайырларымыз, әдебиятшы илимпазларымыздың аз сандағы еске түсириў мақалалары, әдебий сын мийнетлери ҳәм олардың өз шығармаларына да тийкарланып жазыўшылық шеберлигин ҳәм дөретиўшилик психологиялық, минез-қулық белгилерин оқыўшыларға сабақ барысында түсиндириў керек. Шайыр-жазыўшылардың дөретиўшилигин үйрениў барысында ең дәслеп сөз шеберлериниң таланты ҳаққында гүрриңлесиў өткериў мақул. Оқыўшыларға сабақ барысында сөз зергерлериниң таланты, еске түсириўлери туўралы айтып бериў зәрүр. Мәселен, жазыўшы Т.Қайыпбергенов талант ҳаққында былайынша баҳа береди:«Жазыўшының мийнети әпсанадағы дозақты еслетеди, оның отлы гүрсисине айрықша талантлар ғана төтепки бере алады» Тағы да ол: «Мен қалай жазыўшы болдым? Бул басқалар түўе өзимде де жумбақ», - деп жазады. «…жазыўшы болыў айрықша шыдамлылықты талап етеди. Бул шыдам сенде қәлиплескен ойлардың шығымлылығы, сол ойларды өз ўақтында қағазға түсириў ушын столда отыра билиў шыдамлылығы»

Ол өзиниң дөретиўшилик шеберлигине байланыслы былай дейди: «Қай ис туўралы, я күйиниш, я сүйиниш болсын, мениң айтыўым тийисли пи-

кирлер бәрҳа соңынан, жекке жүргенимде я үйге келип жалғыз өзим кроватқа созылып жатқанымда есиме түседи… ишимде пысқыған ҳәўирди сыртқа шығарып жеңиллетейин десем, қасымнан мени түсинетуғын адам таппай столға отыраман да жазаман. Оқыған киси түсинетуғын қылыўға тырысып қайта-қайта жазаман. Өширемен, көширемен, өширемен, көширемен … Бир күнлери жазғанларым бир шығармаға арқаў болып шыға келеди. Сөйтип жазыўшы болған усайман».[13.136] Сондай-ақ, жазыўшылардың дөретиўшилик шеберлигиндеги шығармаларды қайта ислеў, дөретиўшилердиң бирнеше вариантларын жаратыў арқалы оны кем-кемнен жетилистирип барыў өнери ҳаққында айтылған пикирлер оқыўшылар ушын қызығыўшылық пайда етеди. Бул қубылыс ҳәрбир қәлем ийесинде, ҳәтте оның ҳәрбир дөретпесинде ҳәр қыйлы өтеди. Гейде жазыўшылар қайта ислеўге шын берилип оған инта менен кириссе, базда олардың бул иске дыққат аўдармағына өкинеди, шығармаларын қайта ислей алған қәлемлеслерине қызығып қарайды.

Улыўма алғанда, мектеплерде әдебият сабақларында қарақалпақ жазыўшыларының өмири ҳәм дөретиўшилиги оқытыў процессин еле де бүгинги күн педагогикасы талапларына мас жетилистириў зәрүр.

Жуўмақластырып айтқанда, жазыўшылар дөретиўшилигиндеги шеберликлерди сабақ барысында үйретиў ҳәрбир әдебиятшы муғаллимниң баслы ўазыйпасы. Нәтийжеде,оқыўшылар қарақалпақ әдебияты бағдарламасында берилген жазыўшылардың дөретиўшилигин үйрениў арқалы ўатанға болған сүйиўшилик, улыўма инсаныйлық, ҳадаллық, мийнет сүйгишлик, ҳүжданлық, қыйыншылықты жеңе билиў сезимлерин өзлериниң санасында қәлиплестирип, көркем әдебиятқа болған қызығыўшылығын арттырып барады.

**Әдебиятлар:**

1. Тимофеева.Н.Е. Изучение биографии писателья как способ развития интереса учащихся к чтению художественных произведений. Автореферат дис. на соискание учениё степени дис.кан. наук.Санк-Петербург.-2011, Исхоқов Ф.Мактабда Гулханий адабий меросининг ўрганилиши. – Т: Ўқитувчи, 1983. – 112 б, Бітібаева К. Мектепте Абай шығармаларын оқытыў.–Алматы. 1994.-180-б., Хван Л.Б. Изучение биографии писателя в школе. – Н: Билим, 1991.– 132 с., Исхоқов Ф. Мактабда Гулханий адабий меросининг ўрганилиши. – Т: Ўқитувчи, 1983. – 112 б., Жўраев К. Мактабда Ойбекнинг ҳаёти ва ижодини ўрганиш. – Т: Ўқитувчи, 1974. – 172 б., Пирназаров М. Мактабда Уйғуннинг ҳаёти ва ижодини ўрганиш.–Т.: Ўқитувчи, 1972. –154 б., Айжанова З.Әдебият сабағында айырым прозалық шығармаларды үйрениў.– Н: Билим, 1991. – 54 б., Юсупов Қ.Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. (сабақлық).– Т: Сано-стандарт, 2018. – 336 б., Юсупов Қ.А., Мәмбетов И.Камал Мәмбетовтың өмири ҳәм дөретиўшилигин үйрениў усыллары // Методикалық қолланба. – Н: Miraziz, 2017. – 68 б.

2. Никольский В.А.Методика преподавания литературы в средней школе: Учебное пособие для студентов педагогических институтов.—М ,1971.стр 145.

3. Маранцман В.Г.Биография писателя в системе эстетического воспитания школьников.—М.;Л.,1968.стр 3.

4. Колокольцев Е.Н.//Активные формы преподавания литературы: Лекции и семинарына уроках встарших классах /Сост.Р.И.Альбеткова—М ,1991.стр 54.

5. Биография писателя в системе эстетического развития обучающихся: методические рекомендации / Н. И. Горобец, И. А. Новикова. [Текст] - Арх-ск : ПГУ, 2006. Стр 9,

6. Дробот В.Н. Изучение биографии писателя в школе: Пособие для учителя. [Текст] -Киев, 2011.стр 5.

7. Никольский В.А.Преподавание литературы в средней школе: Пособие для учителя. [Текст] — М, 2003.стр 176

8. Тўхлиев.Б.Адабиёт ўқитиш методикаси.Т.., Янги аср авлоди.-2006.113-бет.

9. Ярославский педагогический вестник – 2011 – № 2 – Том II (Психолого-педагогические науки).стр 72-75

10. Вестник ОГУ №9/сентябрь, 2006.часть 1.стр 51-56

11. Хван Л.Б. Изучение биографии писателя в школе. – Н: Билим, 1991.6-8-бетлер

12. Қобдалов З. Сөз өнери. – Алма-Ата: Мектеп, 1982. – 12-17 бетлер

13. Кайыпбергенов Т. Қарақалпақнама. – Н.., Қарақалпақстан, 1985. 136-бет.

**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақолада муаллиф мактабларда қорақалпоқ адабиёти дарсларида ёзувчининг таржимои ҳоли ва ижодинин ўқитиш масалалари ҳақида сўз боради.

**РЕЗЮМЕ**

В данной статье автор рассказывает о биографии автора и вопросах преподавания его творчества на уроках каракалпакской литературы в школах.

**SUMMARY**

In this article, the author talks about the biography of the author and the issues of teaching his work in Karakalpak literature lessons in schools.